



## Enstriksyon pou Pasyan Apre yon Tès Rapid

Jodi a ou te fe yon tès san pa Divisyon Sante Piblik nan Delaware an. "Tès rapid" sa a pap montre doktè ou si ou genyen viris COVID-19 la kounye a. Olye li chache pou wè si kò ou ap konbat yon enfeksyon ki nan viris COVID-19 la.

### Pasyan ki te gen sentòm (lafyè, tous, souf kout) nan moman tès la

Tès ou a te **NEGATIF - sa pa vle di ke ou pa enfekte avèk COVID-19**. Anjeneral yo ka bezwen fè plis tès. Ou dwe kontinye izole tèt ou lakay ou, lwen lòt moun, **epi ou ta dwe konsidere tèt ou tankou yon moun ki enfekte** jiskaske ou gwen rezilta lòt tès yo epi doktè ou ba ou plis enstriksyon.

Tès ou a te **POSITIF - ou ka pwopaje viris COVID-19 la**. Swiv direksyon doktè ou. Ou dwe izole ou de lòt moun pou omwen 3 jou apre lafyè la kase epi respirasyon ou retounen nòmal epi omwen **7 jou** depi ou remake ou te malad. DPH rekòmande ou kanpe travay pou **7 jou** jiskaske lafyè ou kase epi ou ka komanse respire pi byen, men tanpri diskite sa avèk travay ou.

### Pou pasyan ki pa gen sentòm nan moman tès la

Tès ou a te **NEGATIF - sa pa vle di ke ou pa enfekte avèk COVID-19**. Doktè ou te dwe fe plis tès pou ou. Ou ka pa remake sentòm pou jiska 2 semèn apre ou ekspoze a viris ki lakòz COVID-19 la. Ou dwe kontinye pratike distans sosyal. Travay ou ka konsidere pèmèt ou retounen nan travay. Enfòm sipèvizè ou si ou kòmanse devlope sentòm epi izole tèt ou lakay jiskaske ou konsilte a doktè ou. Si ou pa gen yon doktè ou ka rele 2-1-1 pou asistans.

Tès ou a te **POSITIF pou IgM ak POSITIF pou IgG - sa ka vle di ke petèt ou te ka enfekte avèk COVID-19 la a yon pwen nan moman ki fèk pase a**. Swiv tout enstriksyon doktè ou yo. Si ou te fè plis tès, diskite ak doktè ou kisa ou dwe fè pandan wa'p tan rezilta tès sa.

Tès ou a te **POSITIF pou antikò IgG a sèlman**. Sa vle di ke ou te ka genyen COVID-19 la deja epi ou ka toujou gen kèk risk. Ou ta dwe kontinye swiv tout enstriksyon yo pou anpeche bay lòt moun viris COVID-19 la, sa enkli distans sosyal epi mete ekipman pou pwoteje tèt ou.